



Met fen nan kontra travay –Término de contrato de trabajo

Konnen ki kondisyon ak pwosesis pou mete fen ak yon kontra travay.

◉ Ki koz legal ki genyen pou mete fen nan kontra travay ?

- Si travayè a mouri.
- Akò ant travayè a ak chèf travay la.
- Travayè vle renonse ak pwòp volonte pa li.
- Dat ki nan kontra a ekspire
- Kontra a fini oubyen travay ou t ap fè pou w te gen kontra a fini.
- Yon evènman ke w pa t atann oubyen fòs majè.
- Prè move kondwit ak karaktè grav. Pa egzanp: mank entegrite travayè a, abi seksyèl ak kondwit imoral.
- Negosyasyon ke travayè a ka fè nan travay ki entèdi nan kontra a.
- Absans san jistifikasyon pandan 2 jou youn dèyè lòt, oubyen 2 lendi nan yon mwa oubyen yon total 3 jou nan yon mwa.
- Travayè a abandone travay la.
- Aksyon, zak ak enpridans ki afekte fonksyonman etablisman an, sekirite oubyen aktivite travayè yo.
- Si travayè a fè eksprè li koze yon domaj materyèl nan enstalasyon yo, machin yo, materyèl yo, zouti travay yo, pwodwi ak machandiz.
- Si ou pa fè sa ou dwe fè selon kontra a.
- Pou nesosite antrepriz la, tankou sa ki gen pou wè ak modènizasyon li, bèsmen nan pwodiksyon, chanjman nan kondisyon mache travay la ak ekonomi an.

◉ Kòman yo kominike oubyen enfòmasyon yo moun ke kontra travay la fini?

Patwon an dwe remèt travayè yon lèt pèsònèlman oubyen yon email sètifye ki kopye enspeksyon travay la ki di koz legal ak jistifikasyon likidasyon pou fen kontra, nivo kotizasyon previzyonèl travayè a jiska dènye mwa ranvwa a akonpanye ak tout resi yo.

Si kontra a fini pou nesosite antrepriz la; yo dwe avize sa 30 jou avan (sof si yo peye yon likidasyon ki ta ranplase avi a) e kominike konbyen lajan y ap peye kòm likidasyon pou ane sèvis yo.

◉ Ki delè la lwa bay pou kominike oubyen enfòmasyon yo revokasyon?

Lè koz la se nesosite antrepriz la, yo dwe kominike w sa 30 jou avan, si delè kontra a fini oubyen pou koz endisiplin, yo dwe enfòmasyon nan 3 jou aprè koz la. Si revokasyon an vini akòz yon evènman ke yo pa t atann oubyen fòs majè, yo dwe kominike w sa nan 6 jou yo avan yo revoke w.

◉ Ki kote mwen ka pote plent si m konsidere ke yo revoke mwen mal?

Si ou twouve revokasyon an pa jistifye, li pa byen fèt, oubyen li pa ta dwe fèt, genyen 2 posiblite pou fè reklamasyon: reklam jidisyèl devan tribinal jistis ak reklam administrativ nan enspeksyon travay.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.